



Mizajou 27 me 2021

Ki sentòm ak konplikasyon ki genyen ak COVID-19?

Sentòm pasyan yo ap rapòte kounye a ak COVID-19 gen ladann maladi lejè oswa grav, ak lafyèv, touse epi difikilte pou respire ansanm ak pèt gou ak sant. Al gade nan [Osjè COVID-19 DPH lan](#) epi li [Gid CDC an](#).

Kijan COVID19 simaye?

Viris la gaye prensipalman atravè **ti gout respiratwa** ki pwodui nan fè aktivite tankou touse, estènye, pale ak chante.

Yo gaye lè moun touse, estènye oubyen atravè sekresyon respiratwa.

Viris la ki lakòz COVID-19 la [simaye soti yon moun antre sou yon lòt](#). Moun ki malad ak COVID-19 kapab simaye maladi a bay zòt yo jiska 48èdtan anvan yo kòmanse gen sentòm. Se pou sa li tèlman enpòtan pou pratike distans sosyal. CDC rekòmande pou moun yo te dyagnostike ki gen COVID-19 ta dwe rete izole apa lòt moun lopital la oswa lakay yo (selon si yo malad grav ou pa) jiskaske yo fè miyò epi pa gen risk pou yo enfekte lòt moun.

Moun kapab soti nan izolasyon kou yo pa kapab simaye viris la bay lòt moun yo. Yo lage pifò moun soti nan izolasyon kou yo ranpli tout nan egzijans ki annapre yo:

- Pasyan an pa gen lafyèv ankò menmsi li pa itilize medikaman pou bese lafyèv.
- Sentòm pasyan an (egzanp, tous, souf kout) te amelyore.
- 10 jou omwen fin pase depi sentom yo te parèt pou premye fwa oubyen depi jou yo te fè tès ki te pozitif yo a, sa ki rive an premye nan 2 bagay sa yo.

Sèten moun sistèm iminitè yo afebli ki gen maladi grav gendwa bezwen mete tèt yo apa pandan plis tan toujou.

Yon moun yo kite soti nan izolasyon pa konsidere kòm yon risk enfeksyon pou lòt moun.

Èske gen yon tretman?

Gen plizyè tretman antikò monoklonal pou pasyan ki gen risk elve ki gen COVID nan faz bonè lejè jiska mwayen. Moun ki gen risk poutèt COVID-19 la ki te gen yon tès pozitif ta dwe kontakte founisè swen sante yo pu detèmine ki tretman ki rekòmande.

Èske gen yon vaksen?

Wi. Pou jwenn dènye nouvèl sou arive vaksen COVID-19 yo nan Massachusetts, tanpri al gade nan [Massachusetts Enfòmasyon sou Vaksen COVID-19](#).

Poukisa gen ka COVID-19 nan Massachusetts y ap deklare nan nivo vil/minisipalite?

Grasa kanpay vaksinasyon nou an, nou konnen chak kominote nan Massachusetts te sibi enpak kowonaviris la epi li enpòtan pou done yo disponib toupatou nan Eta a pou chak minisipalite apa.

Antanke yon pratik sante piblik estanda, nou p ap revele nimewo ka pozitif yo si gen mwens pase 5 ka nan popilasyon 50,000 oswa mwens, pou kapab kenbe sekre zafè moun.

Si nou gen kapasite pou gade viris la atravèlantiy enpak li genyen sou vil ak minisipalite espesifik, sa va ede nou idantifye “hot spots” posib pou enfòmè entèvansyon sante piblik la, ede vil ak minisipalite yo k ap travay pou ralanti pwopagasyon maladi sa a epi ede Eta a deplwaye resous kòm sadwa. Ou kapab wè [Tablodò entèyaktif COVID-19](#) Eta w lan pou w ka jwenn plis done nan nivo Eta a ak minisipalite a.

Èske mwen ta dwe fè tès la?

Ou ta dwe fè tès la si ou vin gen nenpòt sentòm COVID-19, menmsi yo lejè oubyen **si ou nan yon kontak etwat san ou pa pran vaksen an ak yon moun ki teste pozitif pou COVID-19. Li ka pi bon pou w fè tès la si ou pa vaksine epi ou te vwayaje dènyèman deyò peyi a. Al gade nan www.mass.gov/GetTested pou jwenn plis enfòmasyon osijè fè tès COVID-19 la nan Massachusetts.**

Pou jwenn enfòmasyon detaye, al gade paj Wèb CDC a nan: [Fè Tès COVID-19 la](#)

Ou kapab rele tou nan 2-1-1, se yon nimewo gratis 24 sou 24 Eta a sipòte.

Kikote mwen kapab fè tès pou COVID-19 la?

Al gade nan mass.gov/CovidTestSearch pou jwenn yon lokal ki bay tès la nan zòn ou an.

Pou jwenn plis detay nan Massachusetts, tanpri al gade nan [Konsènan Tès COVID-19](#).

Kisa mwen ta dwe fè si yon moun lakay mwen mete tèt li apa nan karantèn?

Si yon moun lakay ou idantifye pou mete tèt li apa epi fè karantèn:

- Òganize yon pyès (epi yon saldeben tou, si sa posib) se sèlman moun ki an karantèn la ki ka itilize l.
- Moun ki an karantèn la pa t dwe soti lakay li ditou, eksepte pou swen medikal ann ijans. Si swen ijan nesèsè, yota dwe mete yon mask chirijikal tout tan pandan yo deyò lakay yo. Pa pran otobis, sòbwey oubyen sèvis ko-vwatiraj tankou Uber oswa Lyft. Sèvi ak yon veyikil pèsònèl oubyn rele yon anbilans pou rive nan adrès founisè a. Epi rele alavans founisè w lan pou yo kapab pare.
- Tout manm kay la ta dwe kenbe bonjan ijyèn pèsònèl. Sa siyifi lave men ou souvan ak savon epi dlo tyèd. Lè ou touse oswa estènye, sèvi ak yon klinèks chak fwa. Apresa lave men ou yo.
- Pa pataje plat, vè, kèp oswa kouto, fouchèt, kwiye ak lòt moun. Lave tout atik sa yo nan yon machin pou lave vesèl oswa ak likid vesèl epi dlo tyèd.

- Swiye souvan sifas moun itilize ak yon dezenfektan ki bon pou kay – espesyalman si yo te an kontak ak likid kò tankou kracha, larim, pipi, pou pou oswa vomi.
- Pa otorize vizitè antre lakay ou.

Si lòt moun nan kay la pa kontak yon ka ki konfime, alòs yo pa oblije mete tèt yo apa nan karantèn pou kounye a. Sepandan, tout moun nan kay la ta dwe kontinye gen ijèn pèsònèl ekstrik lakay la epi kanbe disyans sosyal mezi sa posib pa rapò ak moun ki apa an karantèn. Tout moun nan kay la ta dwe siveye pwòp sante pa yo epi rele founisè swen sante yo si yo montre sentòm ki endike yo ta ka gen COVID-19 (egzanp, lafyèv, touse, souf kout). Si moun ki an karantèn la pa tounen yon ka enfeksyon, alòs rès moun nan kay la gendwa idntifye antanke kontak etwat epi yo ta dwe mete tèt yo apa an karantèn tou nan moman sa a.

Moun ki vaksinen nèt pa oblije mete tèt yo apa si yo te ekspoze ak COVID-19 la.

Èske mwen ta dwe mete yon mask lè mwen soti deyò an piblik?

Nou konseye tout rezidan ki pa pran vaksen yo pou yo mete mask yo nan anviwònman kote yo andedan batiman epi lè yo pa kapab respete distans sosyal la. Mask yo kontinye obligatwa ni pou moun ki pran vaksen ak ni moun ki pa pran vaksen tout tan nan kote sa yo:

- Nan transpò piblik ak prive ansanm ak nan santral transpò tankou estasyon bis, estasyon tren ak ayewopò yo
- Nan lekòl Jadendanfan jiska 12yèm klas ak nan pwogram gadri timoun yo
- Nan etablisman swen sante ak nan klinik founisè medikal yo
- Nan kontèks swen yo bay nan yon lye komen

Pou jwenn plis detay osijè kilè mask yo nesèsè, al gade nan: <https://www.mass.gov/maskupma>

Mwen gen kesyon osijè zafè vwayaj a

Nan Massachusetts, si ou vaksinen nèt, ou kapab reprann aktivite yo ou te konn fè anvan pandemi a. Moun ki vaksinen nèt kapab reprann aktivite yo san yo pa bezwen mete yon mask oubyen kenbe yon distans fizikman ak zòt yo, eksepte lè lwa, règ ak règlemantasyon federal, Eta a, lokal, tribal oswa teritoryal aplikab, sa ki gen ladann tou rekòmandasyon pou biznis lokal ak nan lye travay la. Si ou pa poko vaksinen, al gade nan vaxfinder.mass.gov.

Pou jwenn rekòmandasyon konsènan vwayaj, tanpri konsilte [CDC a pou jwenn enfòmasyon ak rekòmandasyon](#).

E si mwen ansent?

CDC te bay rekòmandasyon pou [Moun ki Ansent, k ap Tete oswa k ap Okipe Timoun Piti](#), ikonpri resous sou kijan pou pwoteje tèt ou ak fanmi w kont COVID-19 la.

E si mwen gen anksyete ak estrès?

Depatman Sante Mantal Massachusetts gen resous ak konsèy pou [Rete an Bòn Sante Emosyonèl ak Byennèt Pandan Epidemi COVID-19 la](#).

Depatman Sante Piblik Massachusetts la gen resous tou pou jere estrès, anksyete oswa lòt emosyon ki fò:

- English: [COVID-19 Wellness Tips and Resources](#)
- Spanish: [Consejos y recursos para su bienestar COVID-19](#)

[Nimewo Gratis Èd pou Detrè pandan yon Dezas](#), 1-800-985-5990, se yon nimewo gratis 24 sou 24, 7 jou sou 7, 365 jou nan yon ane, ki rezève pou bay terapi-konsèy imedyat bay moun ki gen estrès emosyonèl ki an rapò ak nenpòt dezas natirèl oswa moun lakòz, tankou epidemi maladi tankou COVID-19 la. Sèvis sipò nan kriz ki gratis, an plizyè lang epi sekre sa a disponib pou tout rezidan Ozetazini ak nan teritwa li yo.

Ki resous ki disponib pou mwen si m ap goumen ak pwoblèm ki gen pou wè ak vyolans seksyèl oubyen vyolans nan kay pandan nan moman an?

Gen èd ak sipòki disponib pou w. Anpil sèvis pou moun k ap goumen ak pwoblèm ki gen pou wè ak vyolans seksyèl ak vyolans nan kay disponib adistans pandan ijans sante piblik COVID-19 sa a. Al gade nan [Pwogram Vyolans nan Kay](#) ak nan paj [Sèvis Prevansyon Agresyon Seksyèl ak Sèvis pou Sivivan](#) pou jwenn plis enfòmasyon.

Kisa tout pwofesyonèl swen sante ak depatman lasante yo ta dwe fè?

Wèbsayt DPH an gen plizyè dokiman rekòmandasyon ki adapte pou plizyè gwoup ki gen ladann klinisyen, etablisman swen sante alontèm, lekòl, sekouris ak lòt toujou. Al gade nan [Rekòmandasyon ak Direktiv COVID-19 yo](#). Si ou gen kesyon espesifik, ou gendwa kontakte Biwo DPH pou Maladi Enfeksyèz ak Syans Laboratwa, 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan (617) 983-6800.

Ou ka jwenn rekòmandasyon ak konsèy adisyonèl nan zafèkontwol enfeksyon, ki gen ladann tou rekòmandasyon pou ekipman pwoteksyon endividyèl; swen lakay ak izolasyon; epi investigasyon ka, sou wèbsayt CDC an nan: [Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Swen Sante yo](#). Pou jwenn plis enfòmasyon osijè kolèk echantiyon ak livrezon, al gade nan [Enfòmasyon pou Laboratwa yo](#). Pou jwenn plis enfòmasyon pou pwofesyonèl sante piblik yo konsènan COVID-19, al gade nan [Enfòmasyon pou Pwofesyonèl Sante yo](#).